Pou Piblikasyon Imedya: 24/09/2019 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE JOUNEN LAPÈCH LIB NAN ETA NEW YORK SAMDI 28 SEPTANM

Yo Planifye Evènman an pou 28 Sèptanm nan Rekonesans Jounen Nasyonal Lachas ak Lapèch la

Lachas ak Lapèch kontribye plis pase 4.9 milya dola nan ekonomi New York ak sipòte 56,000 Anplwa

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke rezidan New York yo ka peche pwason lib san yo pa gen lisans nan nenpòt nan 7,500 lak ak etan yo oswa 113,000 kilomèt rivyè ak kouran dlo yo toupatou atravè eta a pandan jounen Samdi 28 Septanm 2019 la. Pandan Jounen Nasyonal Lachas ak Lapèch la yo ap òganize Plizyè evènman atravè eta pou ankouraje pi plis moun, swa moun ki gen eksperyans oswa debitan nan espò sa yo, pou yo pwofite de opòtinite rich lachas ak lapèch yo ki disponib nan tout eta a.

"Lapèch ak lachas se yon tradisyon nan New York depi lontan, ak kèk nan pi bèl opòtinite nenpòt kote, epi kominote espòtif aktif eta nou an se yon patnè trè enpòtan nan kad efò konsèvasyon nou kontinye fèyo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Samdi sa a, mwen ankouraje pechè ak chasè ki nouvo ak sa yo ki gen eksperyans pou yo soti epi al jwi lanati ak fanmi ak zanmi pou pran pa nan kèk nan evènman ke yo ap òganize yo oswa pwofite jwi tan sou tèren an."

Yo selebre Jounen Nasyonal Lachas ak Lapèch la nan katriyèm Samdi nan mwa Septanm chak ane pou pwomouvwa aktivite anplennè tankou lachas, lapèch ak tire sou sib. Mwa sa a, Gouvènè Cuomo te pibliye yon pwoklamasyon ki rekonèt 28 septanm 2019 kòm Jounen Lachas ak Lapèch nan Eta New York epi li rekonèt avantaj espò yo genyen pou patisipan yo, resous natirèl yo ak ekonomi eta a.

Lachas ak lapèch konstwi yon sans responsablite pou resous ak abita pwason ak bèt sovaj yo, yo ofri yon opòtinite pou chasè ak pechè ki gen eksperyans yo pataje konesans yo ak lòt moun, epi ankouraje patisipasyon lòt moun nan lachas, lapèch, ak tire sou sib kòm lwazi atravè ansèyman jèn chasè ak pechè yo. Yo estime chasè ak pechè New York yo kontribiye 4.9 milya dola nan depans nan ekonomi an, ki sipòte plis pase 56,000 anplwa ak 623 milyon dola taks eta ak taks lokal yo.

Gras a acha lisans espòtif New York yo, yo estime chasè ak pechè yo ede jenere tou 75 milyon dola pou ede konsève pwason ak bèt sovaj yo, amelyore abita yo, ak pwoteje resous natirèl yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos, te deklare, "Lachas ak lapèch se aktivite anplennè ke moun pouswiv ak byen renmen nan New York. Gouvènè Cuomo pwoklame ofisyèlman 28 Septanm 2019 kòm Jounen Lachas ak Lapèch nan eta a, konsa li rekonèt eritaj rich nou genyen nan lachas ak lapèch, e DEC fyè pou n travay avèk patnè nou yo pou ofri opòtinite entèresan pou Nouyòkè ki gen tout laj pou yo soti deyò nan wikenn sa".

Evènman Eta New York ap òganize pou selebre Jounen Nasyonal Lachas ak Lapèch la nan dat 28 Septanm, gen ladan:

- Pòt Ouvèt e Jounen Familyal (Open House and Family Day) nan Eklozri Pwason nan Rivyè Salmon an (Salmon River Fish Hatchery) apati 9 a.m. rive 4 p.m., avèk vizit eklozri, vizit an koulis anndan lakou eklozri a, yon platfòm ki ap pèmèt ou wè somon k ap fèmigrasyon, yon espas jwèt tire a lazè, demonstrasyon lapèch, ak opòtinite edikasyonèl;
- Jounen Nasyonal Lachas ak Lapèch la se yon jounen lapèch lib yo deziyen nan New York, ki vle di nenpòt moun ka peche pwason dlo dous nan eta a epi yo pa egzije pou gen lisans lapèch;
- Lachas Fezan pou Jèn (Youth Pheasant Hunt) DEC a ap fèt 28 ak 29 Septanm nan rejyon nò ak rejyon lès New York; epi
- DEC ak OPRHP ap òganize pou premye fwa Ekspozisyon Lapèch Fanm nan Pak Eta Lak Belmont lan (Women's Fishing Expo at Belmont Lake State Park) Samdi 28 Septanm apati 10 a.m. rive 2 p.m. nou ap bay enstriksyon ak aprantisaj pratik nan yon anviwònman amizan ak favorab.

Opòtinite lachas adisyonèl ki disponib nan jou 28 Septanm oswa anvan yo gen ladan kòmansman sezon zwaa, zwazo jelinòt (zòn nò), oswa kòmansman sezon lous la nan Adirondacks.

Genyen tou anpil opòtinite lapèch pandan sezon otòn sa a:

- Dlo yo refwadi epi twit yo ap vin pi aktif nan etan ak nan rivyè yo. Otòn se moman pafè a pou chèche pwason twit mouchte nan yon letan Adirondack. Ou ka jwenn lapèch rapid yo tou nan kouran dlo ak nan rivyè yo. Sezon twit la ap fèmen nan anpil dlo apati 15 Oktòb;
- Tcheke afliyan Lak Ontario a yo pou somon Pasifik oswa Lak Champlain pou somon Atlantik. Ou ka jwenn lapèch fantastik pwason twit somon an nan anpil afliyan Lak Erie ak Lak Ontario a yo; epi
- Chèche pwason lapèch espòtif yo i plis distribiye nan New York la, pèch gran bouch ak ti bouch ke ou ka jwenn nan tout eta soti Montauk rive Buffalo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou opòtinite lachas ak lapèch Eta New York la yo, vizite www.dec.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU